

*KAJIAN FILOLOGI SÁHÁ PAUGÈRAN GÈSANG BÈBRAYAN MITURUT
AGAMI ISLAM WONTÈN SY'IR SÈKAR KÈDHATON*

E-JOURNAL SKRIPSI

Dipunajèngakèn dhatèng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jéjangkèping Pandaaran
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



Déning:
Nur Hanifa
NIM 14205244029

Yogyakarta, 22 April 2018
Pembimbing

Venny Indria Ekowati, M.Litt.
NIP 19791217 200312 2 003

Yogyakarta, 22 April 2018
Ketua Jurusan

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum
NIP 19640403 199001 1 004

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2018

**KAJIAN FILOLOGI SĀHĀ PAUGĒRAN GĒSANG BĒBRAYAN MITURUT
AGAMI ISLAM WONTĒN SYI'IR SĒKAR KĒDHATON**

**STUDY OF FILOLOGY AND GUIDELINES OF HOUSEHOLD LIVING BY
ISLAMIC RELIGION AT SYIIR SEKAR KEDHATON**

Dening : Nur Hanifa, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni,
Universitas Negeri Yogyakarta nurhanifa618@gmail.com

Sarining Panaliten

Panalitèn mênikå gadhah ancas (1) ngandharakên *deskripsi naskah SSK*, (2) ndamêl *transliterasi teks SSK*, (3) ndamêl *suntingan teks*, (4) ndamêl *terjemahan teks sĀhĀ* (5) analisis gĒsang bĒbrayan miturut agai Islam wontĒn *Syi'ir SĒkar KĒdhaton*. Metode ingkang dipunginakakĒn ing panalitèn mênikå inggih *metode deskriptif sĀhĀ metode panalitèn filologi modern*. Asil saking panalitèn mênikå (1) ngandharakĒn kawontĒnan *naskah* ingkang taksih saé, (2) asiling *transliterasi* kapanggihakĒn *kekhasan teks, variasi ejaan, sĀhĀ karakteristik ejaan*, (3) kapanggihakĒn sĒkawan wĒlas tĒmbung ingkang dipun-*sunting*, (4) *terjemahan teks* saking bĀsĀ Jawi dhatĒng bĀsĀ Indonesia ingkang dipunjumbuhakĒn kaliyan *ejaan* ingkang limrah, (5) *analisis* paugĒran gĒsang bĒbrayan miturut agami Islam wontĒn *Syi'ir SĒkar KĒdhaton* kapanggihakĒn sakawan *kategori* inggih kuwajiban priyantun kakung dhatĒng priyantun èstri, awisan priyantun kakung dhatĒng priyantun èstri, kuwajiban priyantun èstri dhatĒng priyantun kakung sĀhĀ awisan priyantun èstri dhatĒng priyantun kakung.

Pamijining tĒmbung: *kajian filologi, paugĒran gĒsang bĒbrayan miturut agami Islam wontĒn Syi'ir SĒkar KĒdhaton*

Abstract

The purpose of this study are (1) to explain the description of the text, (2) to make the transliteration of the SSK text, (3) to edit the SSK text, (4) to make the translation of the SSK text, and (5) to analyze the guidelines of married life according to Islam in Syiir Sekar Kedhaton. The methods used in this research are descriptive method and modern philology research method. The findings of this reseach are (1) to explain the description of the fine-form of SSK teks (2) the result of transliteration are found peculiarity of text, spelling variation and spelling characteristic. (3) editing of the text found fourteen ununited words, (4) the translation of the text from the Javanese into Indonesian language adapted to applicable Indonesian spellings, (5) result of analyzing the guidelines of married life according to Islam in Shi'ir Sekar Kedhaton, found four categories namely the obligation of a man to his wife, the ban on a man to his wife, the obligation of a wife to her husband, and the ban on a wife to her husband.

Keywords: *study of filologi, guidelines of household living by islamic religion at Syiir Sekar Kedhaton*

PURWAKA

Aksara Arab inggih mênika aksara ingkang kathah-kathahipun dipunginakakên kanggé nyêrat naskah utawi kitab ing pêsantrèn. Sasanèsipun kanggé nyêrat kitab-kitab ing Pêsantrèn aksara Arab samênika dipunréka-réka kanthi dipunwuwuhi tandhâ *diakritik* ingkang salajêngipun dipunsêbut aksara arab Pégon, dipunginakakên kanggé nyêrat *naskah-naskah* Jawi ingkang wosipun piwulang, sêjarah, lsp (Pudjiastuti, 2006:44).

Aksara Arab Pégon ugi minangka salah satunggaling warisan Nusantara ingkang taksih lèstantun dumugi samênika. Wiyaripun *naskah* ingkang ngginakakên aksara Arab Pégon ing Indonesia mliginipun ing tlatah Jawi mênika sarêng kaliyan mlêbêtipun agami Islam udâkawis abad XIV. Wontên ing abad mênika para sufi ingkang sadéan ing tlatah Jawi mliginipun, ngasilakên sêratan-sêratan ingkang wosipun ngêwrat piwulang agami ingkang gayut kaliyan tasawuf (Azra wontên ing Fathurahman, 2015: xii). Aksara Arab Pégon kapérang dados kalih, inggih mênika (1) aksara Arab Pégon tanpa *harakat* (sandhangan) sâhâ (2)

aksara Arab Pégon ingkang ngginakakên *harakat* (sandhangan). Aksara Arab Pégon ingkang ngginakakên sandhangan ancasipun kanggé nggampilakên anggènipun maos.

Aksara Pégon ingkang ngginakakên harokat asring dipunginakakên kanggé nyêrat Syi'ir. Miturut Qudamah (1956 : 12) syi'ir kédadosan saking basa Arab sya'ara utawi sya'ura ingkang têngesipun mangrêtosî sâhâ ngraosakên. Miturut Bisri (2010: 73) ngandharakên bilih syi'ir inggih mênika têngung-têngung ingkang dipunsusun kanthi nggatosakên *sajak* sâhâ guru lagu wujudipun *nadzom*. Saking andharan kasêbat sagêd kadudut bilih syi'ir inggih mênika satunggaling karya sastra ingkang wujudipun gêguritan utawi *nadzom*, nggatosakên purwakanthi, guru lagu, sâhâ guru wilangan satêmah gampil dipunwaos kanthi dipunlagukakên, éndah dipunmirêngakên sâhâ dipunraosakên. Salah satunggaling naskah ingkang awujud syi'ir inggih mênika *Syi'ir Sekar Kêdhaton*.

Miturut katrangan ing salêbêtung *teks, Syi'ir Sekar Kedhaton* minangka salah satunggalipun *naskah* cithak

ingkang ngginakakên aksarâ Pégon anggitanipun Abi Muhamad Sholih Al Hajawi, panganggit miyos wontên ing dhusun Kelaling, Hajen Juwana. Panganggit mungkasi sêratan mênika ing dintên Senin Wage tabuh sêtunggal ndalu warsâ 1952. *Naskah mênika* dipundamêl syi'ir awit panganggit gadhah pangajab supados gampil dipunsinau.

Syi'ir Sékar Kêdhaton dipundadosakên sumbêring panalitèn sampun dipuntingali saking kalih aspek inggih adhêdhasar sêratan sâhâ *fisik*-ipun.

Abi Muhamad Sholih Al Hajawi mênika panganggit ingkang sampun kawêntar mliginipun kitab-kitab kuning, kabukti asil sêratanipun sampun kathah gunggungipun. Salah satunggalipun inggih mênika *Syi'ir Sékar Kêdhaton*, *Syi'ir Sékar Mêlati*, *Syi'ir Sékar Cêmpâkâ sâhâ Qaul Al Mughits*. *Syi'ir Sékar Kêdhaton* ngêwrat piwulang gêsang bêbrayan ing pâlâkrâmâ ingkang wujudipun hak, kuwajibaning garwâ dhatêng èstrinipun, sâhâ kosok wangsulipun miturut agami Islam (Anhari 1987: 31).

Isinipun *naskah Syi'ir Sékar Kêdhaton* kapérang dados tigâ.

Inkang sapisan inggih mênika *muqodimah* utawi pambukâ, inggih ngandharakên pitutur sarat rukunipun tiyang pâlâkrâmâ miturut agami Islam mliginipun. Inkang nomêr kalih inggih mênika bab *adabul mu'asyaroh* utawi tâtâ kramanipun tiyang pâlâkrâmâ ingkang baku hak sâhâ kuwajiban garwâ kakung dhatêng èstrinipun. Inkang pungkasan inggih mênika *Ma'ala zaujah* ingkang ngandharakên kuwajiban sâhâ lawisan priyantun èstri dhatêng garwanipun.

Saking andharan ing nginggil sagêd kadudut bilih *teks Syi'ir Sékar Kêdhaton* ngêwrat andharan bab piwulang tâtâ kramanipun gêsang bêbrayan wontên ing pâlâkrâmâ kanthi ancas supados gêsangipun mulyâ wontên donyâ sâhâ *akhirat*. Salajêngipun *Syi'ir Sékar Kêdhaton* dipunsêrat *SSK*. Cârâ panalitèn ingkang dipunginakakên kanggé ngrêmbag *SSK* inggih mênika cârâ panalitèn *filologi*. *Filologi* inggih mênika satunggaling ngèlmi ingkang dipunginakakên sarânâ kanggé ngrêmbag sastrâ sâhâ ngrêmbag bab bâsâ, kasusastran, sâhâ kabudayan (Baroroh-Baried, 1985:1). Wondéné lampahing panalitèn *filologi* miturut Mulyani (2012:3) urutanipun,

inggih mênikå (1) *inventarisasi naskah*, (2) *nêmtokakên naskah*, (3) *deskripsi naskah*, (4) *transliterasi*

Jinising panalitèn

Metode ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå wontên kalih, inggih mênikå *metode deskriptif* sâhå *metode panalitèn filologi modern*. Panalitèn mênikå ngginakakên *metode deskriptif* amargi *metode* mênikå jumbuh kaliyan ancasiipun panalitèn inggih mênikå ndamêl *deskripsi naskah SSK*. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Arikunto, (1995: 309) ingkang ngandharakên bilih *metode deskriptif* inggih mênikå *metode* ingkang dipunginakakên kanggé ngandharakên satunggaling kadadosan adhêdhasar kawontênan nalikå nindakakên panalitèn.

Metode filologi modern dipunginakakên ing panalitèn mênikå amargi sumbêr *data* ing panalitèn mênikå awujud *naskah* sâhå *teks*. Salajêngipun, *metode filologi standar* dipunginakakên kanggé naliti *teks SSK* ingkang kasêrat mawi aksârå Arab Pégon kanthi ancas supados masarakat umum langkung gampang anggènipun maos sâhå mangrêtos isinipun *teks*.

Caranipun Ngêsahakên Data

naskah kanthi aksârå Latin, sâhå (5) *terjemahan*.

CÂRÅ PANALITÈN

Cârå ingkang dipunginakakên kanggé ngêsahakên utawi *validitas data* ing panalitèn mênikå inggih kanthi *validitas semantik*. *Validitas semantik* inggih mênikå satunggaling ngèlmi ingkang dipunginakakên kanggé *menelaah* tândhå-tândhå utawi lambang ingkang nêdahakên maknå satunggal kaliyan maknå sanèsipun. *Validitas* mênikå kapilih kanggé pados *data*, maknani têmbung-têmbungipun sâhå ngandharakên bab gêsang bêbrayan ing *SSK*. *Validitas semantik* katindakakên kanthi *nganalisis* maknå sâhå gayutipun antar maknå kanthi nggatosakên *konteks*-ipun wontên ing *SSK*. *Reliabilitas* ing panalitèn mênikå ngginakakên *reliabilitas intrarater* sâhå *interrater*.

Reliabilitas intrarater inggih mênikå katindakakên kanthi maos ingkang makaping-kaping satêmah mujudakên *data* ingkang *valid*. Wondéné *reliabilitas interrater* inggih mênikå katindakakên déning panaliti piyambak sâhå nyuwun pambiyantu tiyang sanès ingkang minångkå ahli *filologi*. Wondéné ahli *filologi* ingkang dipunsuwuni pambiyantu ing panalitèn

mênikå inggih Ibu Venny Indria Ekowati, S.Pd., M. Litt. Ingkang minångkå dosen *filologi* sårå dosen *pembimbing* ing panalitèn mênikå.

ASILING PANALITÈN SÅHÅ PANGRÊMBAGIPUN

A. Deskripsi Naskah SSK

Deskripsi naskah ingkang katindakakên ing panalitèn mênikå ngandharakên bilih *naskah SSK* ingkang dipundadosakên *sumber data* panalitèn taksih saè kawontênanipun dipuntingali saking fisik sårå sêratanipun, bilih *naskah SSK kasêbat* taksih wêtah gunggungipun kâcå, botên wontên kâcå ingkang bolong utawi ical. *Naskah SSK* dipunanggit déning Abi Muhammad Sholih Al Hajawi, piyambakipun miyos ing dhusun Kelaling Hajen Juwana. Dhapukanipun *naskah* inggih sy'ir. Panganggit gadhah ancas kanthi dhapukan syiyy mênikå langkung gampil anggènipun mangrêtos isinipun *naskah* kasêbat.

B. Transliterasi sårå *Suntingan Teks SSK*

Transliterasi ingkang katindakakên ing panalitèn mênikå inggih ngginakakên *metode transliterasi dipomatik* sårå *metode transliterasi*

standar. Metode transliterasi diplomatik katindakakên kanggé ndamêl alih tulis *teks SSK* ingkang têmbung-têmbungipun ngginakakên bâså Arab, wondéné *transliterasi standar* katindakakên kanggé ndamêl alih tulis saking aksårå asal inggih mênikå aksårå Arab Pégon dhatêng aksårå *sasaran* inggih mênikå aksårå Latin. Wontên ing panalitèn mênikå kapanggihakên *kekhasan teks, variasi ejaan, sårå karakteristik ejaan.*

Salajêngipun *suntingan teks* katindakakên kanggé ngirangi, nambahi utawi nggantos aksårå sårå têmbung ingkang botên jumbuh kaliyan paugêran panyêrating bâså Jawi ingkang limrah. Wontên ing panalitèn mênikå kapanggihakên sakawan wêlas têmbung ingkang dipun-*sunting* inggih mênikå tutuk, ragat, ning, jagat, suwan, mênrimå, kêduwéhané, ngilingi, ngilmuné, sêrngéngé, anyur-anyur, printah, grujuk, tutub. Wontên ing panalitèn mênikå wontên têmbung-têmbung ingkang botên dipun-*sunting* kanggé njagi *kekhasan teks.*

C. Asiling *Terjemahan sårå Cathêtan Terjemahan Teks SSK* *Terjemahan* ingkang

dipunginakakên ing panalitèn mênika wontên tigang *metode* inggih *terjemahan* harfiah, isi sâhâ bebas. *Terjemahan* harfiah katindakakên kanthi ndamê *terjemahan* têmbung mbâkâ têmbung ingkang têngêsipun cakêt kaliyan bâsâ asalipun, ing panalitèn mênika saking bâsâ Jawi ing bâsâ Indonesia. Salajêngipun mênawi botên sagêd dipun-*terjemahaken* kanthi harfiah pramilâ lajêng dipun-*terjemahaken* kanthi isi sâhâ bebas.

Terjemahan isi utawi makna katindakakên kanthi alih bâsâ saking bâsâ Jawi ing bâsâ Indonesia kanthi cârâ nêngêsi têmbung-têmbung ingkang têngêsipun mèmper. Manawi têmbung-têmbung ing *teks* SSK botên sagêd dipun-*terjemahaken* kanthi harfiah sâhâ isi lajêng katindakakê *terjemahan* bebas. Inggih mênika damêl alih tulis saking bâsâ Jawi ing bâsâ Indonesia kanthi bebas botên nilarakên isi ingkang kawrat ing *teks* SSK.

D. Pangrêmbaging Gêsang Bêbrayan wontên ing *Teks SSK*

Lampahing panalitèn ingkang pungkasan ing panalitèn mênika inggih pangrêmbaging isinipun *teks*

SSK. Wondéné ing panalitèn mênika *teks SSK* ngrêmbag bab paugêran gêsang bêbrayan miturut Agami Islam. Pirêmbagan kasêbat kapérang dados sêkawan *kategori* inggih mênika kuwajiban priyantun kakung dhatêng garwanipun (èstrinipun), awisan priyantun kakung dhatêng èstrinipun, kuwajiban priyantun èstri dhatêng garwanipun, sâhâ awisan priyantun èstri dhatêng garwanipun.

1. Kuwajiban Priyantun Kakung dhatêng Èstrinipun Miturut Agami Islam ing *teks SSK*

Kuwajiban priyantun kakung dhatêng garwanipun miturut *teks SSK* kapérang dados gangsal, inggih mênika,

(a) lakunipun saé dhatêng garwanipun ingkang kaandharakên ing *teks SSK* kâcâ 5

hé pârâ lanang kang wus duwèni ing bojo sirâ kudu nglakoni tâtâ kramané dadi wong lanang **supâyâ wadon atiné têngang** (5. 21) yâiku sirâ **kudu bagusi** marang wong wadon **sartâ mêlasi**, sartané sirâ **kudu duwèni, ulat kang ajèr sabên dinané** (5. 22)

Sâhâ kajumbuhakên kaliyan hadits ingkang *terjemahanipun*

“dari Abu Hurairah ra. ia berkata: Rasulullah SAW. Bersabda : orang mukmin yang paling sempurna imannya adalah orang yang paling baik budi pekertinya, dan orang yang paling baik diantara kalian adalah orang yang paling baik terhadap istrinya” (HR. Tirmidzi)

(b) Nyêkapi kabutuhanipun garwâ miturut pêkuatanipun bab mênikâ inggih wontên ing kâcâ gangsal ingkang ungêlipun:

kang mâhâ suci âjâ sêmbrânâ, sirâ angrêksâ lan âjâ lénâ **bêcik nyukupi sandhang pangané miturut sirâ pêkuatané** (5. 25). **sartâ miturut marang padhané sartâ mangsané lan panggonané** jâ pisan-pisan sirâ jur lali marang wong wadon ora mêrduli (5. 26)

ingkang *terjemahan*-ipun :

yang maha kuasa. Janganlah kamu semena-mena jagalah (istrimu) jangan sampai lengah cukupilah kebutuhannya menurut kemampuanmu (5. 25) dan menurut keadaan serta waktu dan tempatnya jangan sekali-kali kamu lupa tidak memperhatikan istrimu (5. 26)

saha kajumbuhaken kaliyan QS. Al-baqoroh ayat 233, ingkang *terjemahan*-ipun :

“dan kewajiban ayah memberi makan dan pakaian kepada para ibu dengan cara yang makruf, seseorang tidak dibebani melainkan menurut kadar kesanggupannya.

(c) nyukani maskawin ingkang pantês adhedhasar Firman Allah SWT wontên ing QS. Annisa’ ayat 4 ingkang *terjemahan*-ipun :

Berikanlah maskawin (mahar) kepada wanita (yang kamu nikahi) sebagai pemberian dengan penuh kerelaan. Kemudian jika mereka menyerahkan kepada kamu sebagian dari maskawin itu dengan senang hati, maka makanlah (ambillah) pemberian itu (sebagai makanan) yang sedap lagi baik akibatnya.

”
Wondéné ingkang kapanggihakên ing salêbêting *teks* inggih mênikâ:

marang wong wadon **cik maskawiné akèh lan kidhik pãdhâ karoné** kapan wong lanang ora nêkani haké wong wadon bujuk arané (6. 28)

Terjemahan:

Kebaikan memberi maskawin pada perempuan banyak atau sedikit itu sama saja ketika laki-laki tidak mendatangi (istrinya) (*artinya*) **ingkar janji pada haknya** (6. 28)

(e) mucal ngèlmi Agami dhatêng garwanipun.

sêtêngah saking kwajibané wong lanang manèh marang bojoné **iku muruki hukum sariat** supâyâ bènêr olèhé taat (7. 41) marang Pêngéran_rinâ wênginé utâwâ **préntah ngaji liyané marang wong wadon supâyâ luru wong kang muruki tégésé guru** (7. 42) **malahan wajib lanang ngidini malah mêksâhâ sartâ mêtèni** (7. 43)

2. Awisan Priyantun Kakung dhatêng Èstrinipun Miturut Agami Islam wontên teks SSK

Priyantun èstri minangka *makhlik*-ipun Pangéran ingkang kodratipun dipundamêl alus, *lemah lembut*. Pramilâ ing mriki priyantun kakung wontên larangan ingkang kédah dipuntêbihi inggih mênikâ kasar dhatêng èstrinipun. Bab mênikâ gadhah ancas supados èstri ngraos têngang mênawi wontên sandhingipun garwâ. Èstri dipun-*ciptakakên* déning Pangéran saking balung iganipun priyantun kakung ingkang béngkong, pramilâ angél mênawi badhé nglurusakên balung kasêbat. Tégésipun sampun dados kuwajiban priyantun kakung ngrumat èstrinipun kanthi saé, botên nganggé cârâ ingkang kêras

3. Kuwajiban Èstri dhatêng Garwanipun Miturut Agami Islam wontên ing teks SSK

Gêsang bêbrayan ing salêbêting kulâwargâ antawisipun èstri kaliyan garwanipun mênikâ kédah wontên hubungan ingkang saé satêmah mujudakên kulâwargâ ingkang saé ugi. Sabên kulâwargâ gadhah aturan piyambak-piyambak kanggé mujudakên kulâwargâ ingkang dipunkajêngakên, ananging sasanèsipun aturan umum ingkang dipundamêl wontên ing satunggaling kulâwargâ, Agami Islam ugi gadhah aturan piyambak kanggé nggayuh Ridhonipun Pangéran. Salah satunggalipun inggih kuwajiban èstri dhatêng garwanipun, kados ingkang dipunandharakên ing *tesk ng garwanipun*. SSK. Wondéné andharanipun kados ing ngandhap mênikâ.

- a. Bêktos dhatêng Garwanipun
- b. Ngladosi Hajat Garwanipun
- c. Pêpaès ing Sangajênging Garwâ
- d. Mulyakakên dhatêng Kulâwargâ Garwanipun

4. Awisan Priyantun Èstri dhatêng Priyantun Kakung Miturut

**Agami Islam wontên ing Teks
SSK**

Rasululloh SAW dhawuh bilih ingkang kathah mlêbêt *neraka* mênikå priyantun èstri ingkang botên taat dhatêng garwanipun. Bab mênikå badhé kaandharakên ing ngandhap mênikå.

- a. Wantun (*durhaka*) dhatêng Pangéran, Rasulullah, sàhå Garwanipun
- b. Médal saking Griyanipun Garwå Tanpå Idin
- c. Asring nyuwun Pêgat dhatêng Garwanipun
- d. Botên Narimå kaliyan Pêparing Garwanipun.

Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Bisri, A. Mustofa. 2010. *Koridor, Renungan*. Jakarta: Kompas Media Nusantara.

Fathurahman, Oman. 2015. *Filologi Indonesia: Teori dan Metode*. Jakarta: Kharisma Putra Utama.

Pudjiastututi, Titik. 2006. *Naskah dan Studi Naskah*. Bogor: Akademia.

Qudamah. 1956. *Naqd Al- Syi'ir Al Katib Al Baghdadi*. Leiden: E.J Brill.

KAPUSTAKAN

Al-Hajawi, Li Abi Muhamad. 1952 H. *Syi'ir Sékar Kêdhaton*. Kudus: Menara Kudus.

Anhari, Basuki. 1987. *Syi'iran sebagai Tradisi Lisan*. Laporan Penelitian Proyek Javanologi. Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, Direktorat Jenderal Kebudayaan. Balai Bahasa Yogyakarta.

Arikunto, Suharsimi. 1995. *Manajemen Penelitian*. Rineka cipta: Jakarta.

Baroroh-Baried, Siti dkk. 1985. *Pengantar Teori Filologi*.